# jox na nu ma juróom yoo xam ne joxuñuko kenn ku ma jiitu

Jële nañu ci Jaabir Ibn Abdullah yal na leen Yàlla dollee gërëm mu wax ne Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "jox na nu ma juróom yoo xam ne joxuñuko kenn ku ma jiitu: dimbalees na ma ci ag ragal luy toll ni doxub weer, defal na nu ma suuf si muy jàkka di lu laab, fu julli dabe kenn ci samaw xeet na julli, daganal na nu ma koomi xare yi, te daganaluñu ko woon kenn ku ma jiitu, jox na nu ma ramm ga, Yonnente dañu ko daan yónni ci xeetam kese man nag ñu yónni ma ci nit ñépp ".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne Yàlla jox na ko juróomi mbir yu mu joxul benn Yonnente bu ko jiitu: Bi ci njëkk: dimbali na ñu ko ci ag ragal gu ñuy sànni ci xoli noon yi donte li dox seen diggante doxub weer la. Ñaareel bi: defalal nañu nu suuf si muy jàkka nuy julli fu nu man a nekk, muy suuf suy laabal bu ñu lottee ci ndox mi. Ñatteel bi: daganal nañu koomi xare yi, te mooy li jullit ñi di jël bu ñu dee xeex ak yéefar yi. Ñenteel bi: jox nañu ma ramm ga gën a màgg ci noppal nit ñi ci njàqarey taxawaayu bis-pénc ba. Juróomeel bi: yónni nañu ma ci mbooleem mbindeef yi nit ñi ak jinne yi, wuute ak Yonnente yi ko jiitu woon ñoom dañu leen daan yonni ci seen i nit dong.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee